

Chè fanmi,

Aprann anglè se yon eksperyans ki enteresan anpil e ki pote anpil byenfè. Pou ane lekòl sa a, pitit ou gen opòtinite pou l kòmanse aprann anglè grasa òdinatè. Klas nou an pral sèvi ak yon pwogram yo rele Imagine Learning.

Imagine Learning sèvi avèk videyo, istwa, chante, konvèsasyon, jwèt, pwojè atistik, ak anrejistreman pou fè elèv yo patisipe. Pitit ou pral aprann pale, li epi ekri ti kras pa ti kras. Kounye a, elèv yo ka aksede nan Imagine Learning lakay yo oswa nenpòt kote ki konekte ak Entènèt!

Sou òdinatè lakay ou

Ouvri **INTERNET EXPLORER** or **FIREFOX**.

Tape adrès sitwèb sa a: <http://support.imaginelearning.com>

1. Klike sou **"Imagine Language & Literacy"**



Imagine Language & Literacy

2. Klike sou **"Support Topics"**

games, Imagine Language and Literacy is research-based, instructionally differentiated, and incredibly fun to use.



Support topics

3. Klike sou **"Download apps"**



Download apps

4. Chwazi lojisvèl ou



Windows



Mac

5. Klike sou **"Save"**



Save

Tape **SERVER ADDRESS**: [imaginelearning.dadeschools.net](http://imaginelearning.dadeschools.net)

Kounye a, elèv la pral tape nimewo elèv li ak modepas li. (Leplisouvan, nimewo elèv la ak modepas la se menm nimewo yo ye. Ou ka mande pwofesè pitit ou a sa pou asire w se sa.)

Nou ini! Pitit ou ka kòmanse sèvi ak Imagine Learning.

Pa bliye, pou byen pwoite Imagine Learning, pitit ou ta dwe mete yon kas ki gen yon mikwofòn tou oswa li ta dwe sèvi avèk ekoutè ak mikwofòn.

Pwofesè a ap kapab li tout sa pitit ou a anrejistre e l ap kapab swiv tout pwogrè li fè yo pandan ane a.